

WULANGAN 7

NGOPENI KEWAN LAN TETUWUHAN

1. Manungsa mbutuhake hawa awujud oksigen kanggo ambegan. Oksigen diasilake saka wit-witan utawa tetuwuhan.
2. Manungsa mbutuhake tenaga kewan kanggo mbiyantu tandang gawe, kayata nalika mbajak sawah, kanggo narik dokar, lan sapiturute.
3. Manungsa uga mbutuhake kewan lan tetuwuhan kanggo kabutuhan dhaharan.
4. Panganan pokok sing diasilake saka tetuwuhan kayata pari, jagung, ketela, sagu, lan sapiturute.
5. Janganan kayata bayem, kangkung, wortel, gobis, sawi, lan sapiturute.
6. Lawuh bisa diasilake saka kewan uga tetuwuhan. Saka kewan kayata endhog, daging, iwak, lan sapiturute. Saka tetuwuhan kayata tahu, tempe, lan jamur.
7. Woh-wohan kayata jeruk, pelem, kates, manggis, dhuku, salak, rambutan, lan sapiturute.
8. Kita kudu muji syukur marang Gusti Allah, kang wis paring kanugrahan alam lan saisine.
9. Tembang dolanan dilagokake nalika dolanan. Contone: Gajah-Gajah, Lumbung Desa, lan Aku Duwe Pitik
10. Gatekna tembang dolanan ing ngisor iki.

Gajah-Gajah

Jah Gajah, kowe takkandhani, Jah.
Mripat kaya laron siyung loro kuping gedhe.
Kathik nganggo tlale.
Buntut cilik tansah kopat-kapit.
Sikil kaya bumbung.
Mung lakumu megal-megol.

Tegese tembung:

- a. takkandhani = kuberitahu
- b. siyung = gading
- c. tlale = belalai
- d. buntut = ekor
- e. bumbung = bambu